

# Eksplikasyon sou Pwojè Lwa 182 nan Chanm Reprezantan an

## Kisa HB 182 ye?

Pwojè Lwa nimewo 182 a se yon lejislasyon yo te pase pandan premye sesyon 153yèm Asanble Jeneral la epi Gouvènè Matt Meyer te siyen l. Li fèt pou pwoteje lapolis Delaware yo ak kominote sivil yo san distenksyon, lè yo asire ke lapolis Delaware yo konsantre sou pwoteje sekirite piblik la epi aplike lalwa eta a—pa lalwa federal sou imigrasyon an.

## Kisa Pwojè Lwa 182 a fè egzakteman?

Li entèdi ajans lapolis, leta, ak lokal yo antre nan akò pou egzèse otorite sivil federal sou imigrasyon anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite, ki rele tou akò 287(g). Li entèdi tout ajans sa yo kenbe oswa loje moun ki anba detansyon otorite federal sou imigrasyon paske yo vyole lalwa federal sou imigrasyon. Sa vle di ke yo pa ka fòse yon ajans lapolis, leta, oswa lokal kenbe yon moun nan non lapolis federal jis paske li vyole lalwa federal sou imigrasyon.

## Ki ajans ki afekte pa Lwa 182 nan Chanm Reprezantan an?

- Ajans ki fè respekte lalwa nan eta a, tankou lapolis eta Delaware, lapolis Kapitòl, Depatman jistis Delaware, lapolis DNREC, lapolis Otorite Rivyè ak Bè Delaware (DRBA), Divizyon Ranfòsman Alkòl ak Tabak (DATE), ak ofisye Pwobasyon ak Libète Kondisyonèl pou Depatman Koreksyon an ak Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo.
- Depatman lapolis tout konte ak vil yo, ki gen ladan Depatman Lapolis New Castle, Depatman Lapolis Wilmington, Depatman Lapolis Dover, Depatman Lapolis Georgetown, ak tout lòt fòs lapolis minisipal yo.
- Depatman lapolis kanpis yo, ki gen ladan Depatman Lapolis Inivèsite Delaware ak Depatman Lapolis Inivèsite Eta Delaware.
- Chèf Ponpye Eta a.

## Èske Pwojè Lwa 182 a entèdi tout entèraksyon ant lapolis Delaware ak lapolis federal?

Non, li pa fè sa. Lapolis Delaware dwe toujou konfòme li avèk nenpòt manda valab tribinal la bay oswa lòd ak lòt egzijans konsènan divilgasyon enfòmasyon sou istwa kriminèl ak dosye kriminèl dapre lalwa federal la.

**Vizite [de.gov/kyr](https://de.gov/kyr) pou plis enfòmasyon.**

